

LÈT PARAN POU MANDE DOE POU PA BAY ENFÒMASYON SOU PITIT YO

(POU PARAN TOUT ELÈV KLAS 9^{YÈM} RIVE 12^{YÈM} ANE, AK ELÈV LEKÒL SEGONDÈ KI GEN LAJ 18 ANE POU PI PITI)

Lwa federal egzije pou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) bay enfòmasyon sa yo sou elèv lekòl segondè ki nan klas 11yèm ak 12yèm ane ba moun k ap fè rekritman militè ak enstitisyon edikasyon siperyè ki mande enfòmasyon sa yo, eksepte lè paran yon elèv ki poko gen laj 18 lane, oswa yon elèv ki gen laj 18 lane pou pi piti, refize lè li avèti DOE alekri ke li pa dakò pou yo bay enfòmasyon sa yo. Si yon elèv poko gen laj 18 ane, paran an dwe siyen fòm refi a. Si elèv la gen laj 18 ane oswa plis, elèv la dwe siyen fòm refi a.

- non, adrès ak nimewo telefòn yo ba enstitisyon edikasyon siperyè ki mande enfòmasyon sa yo ak/oswa;
- non, adrès, nimewo telefòn epi DOE bay adrès imèl DOE elèv la ba moun k ap fè rekritman militè ki mande enfòmasyon sa yo. (*Tanpri sonje DOE pa gen kontwòl, ni patwone, oswa revize okenn imel moun k ap fè rekritman militè yo voye bay elèv yo sou imel DOE yo a*).

Pandan nou pran angajman pou pwoteje konfidansyalite elèv nou yo, nou dwe obeyi lalwa.

Si pitit ou a poko gen laj 18 lane epi ou pa dakò pou yo bay enfòmasyon sa yo, ou dwe ranpli, siyen epi voye fòm sa a tounen nan lekòl pitit ou a **avan 18 oktòb 2024 an**. Si w pa voye fòm lan tounen avan dat sa a epi pitit ou a nan klas 11yèm oswa 12yèm ane, n ap bay enfòmasyon sou pitit ou a si yo mande nou. Pou paran elèv klas 9yèm ak 10yèm ane, ou ka ranpli fòm refi a alavans epi konsève l.

Si w se yon elèv ki gen laj 18 ane oswa plis aje, ou dwe di si w dakò pou yo piblye enfòmasyon yo. Elèv ki gen 18 lane oswa plis ki pa vle bay enfòmasyon dwe ranpli, siyen epi voye fòm sa a nan lekòl yo a **nan delè 18 oktòb 2024 a**. Si w pa voye lèt refi a tounen, y ap bay enfòmasyon sou ou si yo mande.

Paran elèv ki poko gen laj 18 lane ak elèv ki gen laj 18 ane oswa plis ki pa ranpli yon fòm kounye a ka fè sa nenpòt lè elèv la ale nan yon lekòl DOE. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa èd, kontakte Lekòl ou a. Mèsi pou kolaborasyon w.

FÒM POU ELÈV REFIZE BAY ENFÒMASYON (OPT-OUT FORM)

Tanpri ranpli epi siyen sèlman pi ba a si w pa vle yo bay enfòmasyon ki dekri pi wo a ba moun k ap fè rekritman militè ak/oswa enstitisyon edikasyon siperyè yo. Ou pa bezwen ranpli sa a si w pa gen pwoblèm pou yo bay enfòmasyon yo.

Non elèv la: _____ Klas ofisyèl elèv la: _____

Non lekòl la: _____

Si elèv la poko gen laj 18 lane.

- Mwen se paran elèv ki gen non li site pi wo a, ki poko gen laj 18 lane.

Tanpri make kazyè ki apwopriye a:

- Moun k ap fè rekritman militè:** Mwen pa vle pou yo pataje non, adrès, nimewo telefòn ak adrès imèl DOE pitit mwen an avèk moun k ap fè rekritman militè yo.
- Enstitisyon edikasyon siperyè:** Mwen pa vle pou yo pataje non, adrès, nimewo telefòn ak adrès imèl pitit mwen an avèk enstitisyon edikasyon siperyè yo.
- Touledè:** Mwen pa vle pou yo pataje enfòmasyon pitit mwen an avèk moun k ap fè rekritman militè yo ni avèk enstitisyon edikasyon siperyè yo.

Non paran: _____

Siyati paran: _____ Dat: _____

Elèv ki gen 18 ane oswa plis:

- Mwen menm elèv yo site pi wo a, mwen gen omwen laj 18 ane.

Tanpri make kazyè ki apwopriye a:

- Moun k ap fè rekritman militè:** Mwen pa vle pou yo pataje non m, adrès mwen, nimewo telefòn mwen ak adrès imèl DOE m avèk moun k ap fè rekritman militè yo.
- Enstitisyon edikasyon siperyè:** Mwen pa vle pou yo pataje non m, adrès mwen, nimewo telefòn mwen ak adrès imèl mwen avèk enstitisyon edikasyon siperyè yo.
- Touledè:** Mwen pa vle pou yo pataje enfòmasyon m avèk moun k ap fè rekritman militè yo ni avèk enstitisyon edikasyon siperyè yo.

Non elèv la: _____

Siyati elèv la: _____ Dat: _____